

22 mas 2019

Chè fanmi,

Dènyèman ou te resevwa yon lèt ki soti nan Depatman edikasyon (Department of Education, DOE) Vil Nouyòk ki te pale sou pwogram "Chwa lekòl leta" a. Nou te voye lèt sa a pa erè.

Chanselye a ak DOE kwè nan lekòl ou a. Nou pran angajman pou ede lekòl ou a ak lekòl atravè Vil la pou yo vin bay pi bon ranman posib la. Nou kwè pou nou envesti nan lekòl nou yo ak pou nou ba yo yon chans reyèl pou yo amelyore. Epi nou rekonèt se pa ni nòt elèv fè nan egzamen, ni kategori Eta a klase yon lekòl ki montre kalite yon lekòl.

DOE kanpe bò kote chak grenn lekòl nan Vil la. Nou fè sa pou nou bay chak lekòl resous ak sipò ki reponn avèk pwòp bezwen endividyèl li – avèk yon aksan entansif sou lekòl Eta a te klase nan kategori pou sipò ak amelyorasyon global (Comprehensive Support and Improvement, CSI). Nou vle pou tout lekòl kontinye jwenn avantaj pou yo kenbe yon efektif estab ak yon kominote lekòl estab. Tanpri, sonje nou pran angajman pou elèv, fanmi ak anseyan nou yo, epi nou kwè nan lekòl ou a.

Dapre lwa federal ki te anplis avan an, elèv ki nan kèk lekòl Eta a klase nan yon kategori kapab patisipe nan pwogram Chwa Lekòl Leta, ki pèmèt fanmi mande yon transfè pou kite lekòl Eta a klase nan yon kategori. Sepandan, kounye a piske lwa federal la chanje, yo pa ofri fanmi pwogram Chwa Lekòl Leta a ankò. Nou te voye premye lèt la ba ou pa erè, epi nou ekskize nou pou sa.

Menm jan pou tout lekòl, si w gen nenpòt pwoblèm nan lekòl ou a oswa si ou ta vle transfere pitit ou a, ou ka kontakte Jessica Lee nan JLee41@schools.nyc.gov oswa (212) 374-5567.

Nou ekskize nou ankò pou erè ak konfizyon sa a, epi nou remèsye w pou kolaborasyon w ap kontinye ba nou pandan n ap prepare pitit ou a pou l reyisi. Avèk sipò fanmi tankou w ak anseyan ak lidè lekòl k ap travay dí, nou kwè nou kapab reyalize egalite ak ekselans pou tout elèv nan chak lekòl.

Avèk senserite,

Sarah Kleinhandler
Direktè anchèf enskripsyon
Biwo enskripsyon elèv